



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU ARESTASYON KI GEN RAPÒ AK MENAS KONT SANT KOMINOTÈ JWIF YO (JEWISH COMMUNITY CENTERS)

“Ogmantasyon resan menas antisemit ak zak entolerans sa yo enkyetan, inakseptab, epi yo kontredi dirèkteman ak prensip fondamantal tolerans ak divèsite New York yo. Arestasyon jodi a yo voye yon mesaj byen klè bay nenpòt moun ki sible ak enspire lakrent nan kominote nou an yo, nou pral tradwi yo lajistis.

Lapolis Eta New York la pral kontinye travay an patenarya etwat ak Biwo Evesntigasyon Federal la (Federal Bureau of Investigation) ak fòs lapolis lokal yo pou yo pouswiv envestigasyon nan yon fason agresif kont tout rapòte krim lahèn ki fèt nan eta nou an. Nou ap rete vijilan nan efò nou ap fè yo pou nou fè sila yo ki responsab aksyon repreyansib sa yo asime responsabilite yo konplètman anba lalwa.

Avèk Estati Libète a ki kanpe byen dwat nan pò nou an, New York te toujou epi l ap toujou rete yon fa inite ak espwa pou tout moun, epi mwen pa pral pèmèt pèsonn menase prensip sa yo.”

Nou ankouraje tout Nouyokè ki fè eksperyans patipri oubyen diskriminasyon yo rele nan liy asistans gratis Divizyon Dwa Imen an (Division of Human Rights: DHR) nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. Lendi-Vandredi oswa tèks “HATE” nan 81336. Si w vle rapòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418